АХМЕД АҚНАЗАРОВ



# ДИПЛОМАТТАҒЫ ҚУПЫЯ

*(Повесть)*

*(Орта ҳәм үлкен жастағы мектеп оқыўшылары ушын)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1997

www.ziyouz.com kutubxonasi

КК—2
А—47
Ақназаров А. «Дипломаттағы қупыя»
(*повесть*).—Нөкис: Қарақалпақстан. 1997-ж. 36-бет.

*Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебиятлары бөлими.*

Өмир, өмирдиң биз билмеген гедир-будыр жолы көп. Усы жолда сүрникпестен, гөзлеген мәнзилге жетиў ушын адамнан ақыл-парасат талап етиледи. Ал, өмирде гейде алжасықларға да жол қойылады. Ал, жаңсақ басылған қәдем адам өмиринде өкинишли из қалдырады. Өмирде ҳәрким ҳәрқыйлы жасайды. Ал туўры, ҳадал жасағанға не жетсин! «Урлық түбиқорлық» деп халқымыз бийкарға айтпаған.

Солай етип, жазыўшы Ахмед Ақназаровтың «Дипломаттағы қупыя» атлы китабы менен танысар екенсиз, сиз бунның гүўасы боласыз

А $\frac{4803270201—411}{М—357(04)—97}$ 11—97

ISBN 5-8272-0039-5

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1997.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн кешегиден де ыссы болды. Ҳаўа қапырық. Епп еткен самал жоқ. Саат кешки оннан өтип, қараңғы түсе баслаған болса да, көше мисли жанып тур. Аяқтың астындағы асфальттан жалындай жағымсыз ҳәўир көтериледи. Сонлықтан ба, мине, ҳәзир Мақсет киятырған Алмазар көшесинде бир де адам, я машина көринбейди.

Мақсет былтырдан бери усы көшеден өтеди. Көшениң күн батыс аяғында жайласқан балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектебине қатнайды. Самбо менен шуғылланып жүр. Оқыўдан кейин, ҳәптениң төрт күнин усы спорт мектебиниң кең залында өткереди. Усыған әдетленген. Ол ҳәр сапары усы көшеден өтип киятырып, «бул көшеге не ушын», Алмазар деп ат қойды екен, я?—деп ҳайран болады. Ырасында да көше көриксиз, ийрек-ийрек. Оның үстине бул көшеде мийўели ағаш түўе, саяман дарақлар да жекке-сийрек ушырасады. Қараңғылығын айтпайсыз ба? Электр лампочкалары қойылмаған ба, я балалар кесек ылақтырып сындырған ба, ҳәр жүз елиў-еки жүз метр жерде бир лампочка жылтырайды. Сәўлеси таяқ таслам айланасын ғана жақтыландырып турады. Соның барын да айтсаң-о!

Мақсет басқа күнлери бүгингидей кеш қалмайтуғын еди. Тренери Көбейсин аға өтиниш етти. Тазадан еки балаға самбоның бир усылын үйретиўди тапсырды. Мақсет «мақул» деп, самбоның машқына берилип кетипти. Сөйтип, әдеттегиден бир ярым саат шамасы кешигип қалды. Ҳаслында самбоның бул усылын еки жағдайда, яғный қарсылас спортшының соққысынан қорғаныўда ҳәм сол ўақыттың өзинде қарсыласына күшли соққы бериўде пайдаланыў мүмкин еди. Бул усылдың тағы бир қызықлы жери сонда, қарсыласыңнан қорғаныў ямаса, ҳүжимге өтиў ўақтында ҳеш қандай артықмаш күш жумсаўдың кереги жоқ. Тек спортшыдан шаққанлық талап етиледи.

Мақсет арадан ярым саат өтер-өтпестен усы усылды өзи де әмелде қолланатуғынын ойлаған жоқ еди.

* * *

Ойға шүмип киятырған Мақсет Алмазар көшесин кесип өтетуғын Ғәрезсизлик көшесиниң айланбасына жеткен жерде, ойда жоқта, күшли соққыдан тар көшениң дәл ортасына барып, «жалп»



www.ziyouz.com kutubxonasi



етип түсти. Орнынан өрре турып, «жалт» қараса, жуўырып киятырған биреў менен соқлығысып кеткен екен. Оның да зәрреси ушып кетсе керек, Мақсетке қарап, қалшыйып қатып тур. Мақсеттен бир-еки жас үлкенлеў, узын бойлы, зоррыйған арық, буйра шаш бала. Шеп қолында ени бир қарыс келетуғын үлкен қара дипломат. Дипломаттың аўырлығынан ба, буйра шаш бала сол жағына қыйсайып тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши болып Мақсет тилге келди:

— Буншама сен не? Көзиңе қарасаң болады-ғо?

— Буйра шаш бала өзине келгендей, бойын тикленкиреп, Мақсетке менсинбей қарады.

— Былшылдама! Болмаса «көзге қараў» ды мен саған көрсетип қояман, билдиң бе? Қәне, табаныңды жалтырат!

— Ҳаў, сени кеширим сорайма десем, қайтама дәнинип турсаң ба? Мақсеттиң де ашыўы келип, буйра шашқа жақынлады.—Қаңбақтай қаңғалап келип, мен саған урылғаным жоқ-ғо? Былшылдап турған сен емес пе?

—Барсаң-әй!—Усылай деп буйра шаш оң қолын Мақсеттиң бетине қарап сермеп жиберди. Ал, Мақсет оның созылған оң қолынан лаппа услап, көз илеспейтуғын шаққан ҳәрекет пенен буйра шаштың қақ жаўырынан жерге жықты. Самбоның әпиўайы бир усылы .

Буйра шаш та әнейи емес екен. Қолынан ушып түскен дипломатқа да қарамай, тур сала Мақсетке тәп берди. Бирақ, Мақсет оны екинши рет те жаўырынынан жер сыйпатты. Соңынан буйра шаштың изли-изинен жумсаған еки мушы да тек ҳаўаны кесип, босқа кетти. Әйне усы демде Ғәрезсизлик көшесинен, тап буйра шаштың келген жағынан ысқырық еситилмегенде, ким биледи, бул екеўиниң айқасы қашанға шекем даўам етер еди? Ысқырықтың сести екеўин де албыратайын деди.

Ал, буларға қарай жуўырып киятырған милиционерлерди көргенде ғой, биринши болып буйра шаш бала зып берди. Ол жолдың үстинде жатырған дипломатына да қарамай, ҳәзир ғана Мақсет киятырған Алмазар көшесин бойлап қаша жөнелди.

Мақсет ше? Ол қашыўға да үлгермеди.

* * *

Ентигип жетип келген милиционер Мақсетти көргенде, ҳайраны шықты.

—Ҳаў, сенбисең?

— Рахман аға?!

Мақсет өзи жасайтуғын Павлов көшесиндеги участка инспекторы лейтенант Рахман Ҳәкимовты таныл, қуўанып кетти. Бул гезде лейтенанттың нәзери буйра шаш бала қашқан жақта еди. Ол Мақсетке қарамай турып, бирден пәс даўыс пенен, дерлик сыбырлап сөйледи:

— Мақсет, мен сеннен сәл арманырақ кеткенимнен, сен де тез қаш. Дипломатты ала қаш. Соң түсиндиремен. Қараңғыға қарап қаш. Тез!

Солай деп, лейтенант Ҳәкимов өзи келген жаққа еки-үш адым атты-да, ысқырықты үсти-үстине шертти. Соң бар даўысы менен бақырды:

— Сержант Аманов! Мотоциклге жуўыр!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мақсет лейтенант Ҳәкимовтың айтқанын иследи. Лейтенант еле ысқырыўға үлгермей-ақ, ол жерде жатқан дипломатты ала-сала, Алмазар көшесиниң қарама-қарсы, қараңғы жағына қарай, қуйындай ушты. Ол лейтенанттың сержантқа даўыслап атырғанын қашып баратырып еситти. Ал, Алмазар көшесинен және бир көше— Заводская кесип өтетуғын жерге жақынлаған ўақта ол лейтенант Ҳәкимовтың даўысын тағы еситти:

— Сержант, шепке айда! Қашырма! Мен мына жаққа кеттим!

Мақсет Заводская көшесине айланған жерде, биреў оны қапсыра қушақлап алды:

— Сестиңди шығарма?!

Мақсеттиң көзи тынып кетти. Дийўалға басын өзи урып алдыма ямаса биреў басын дийўалға урдыма? Билмейди. Тек қапсыра қушақлаған бийтаныстың қолынан шықпақшы болып жулқынғаны есинде...

Мақсет анық есине келгенде, жеңил машинаның ишинде баратырғанлығын сезди. Рульде отырған адамның формасына көзи түскеннен соң, кеўли жай таўып, тағы көзин жумды. «Деген менен, милиция, Рахман ағасының кәсиплеслери-ғой...»

* * *

Мақсет енди бир нәрсеге түсинбей, ойланып киятыр. «Рахман аға маған неге «қаш» деди? «Дипломатты ала қаш» деди. Сонда... Айтпақшы, дипломат қайда?». Ол көзин ашып, бойын көтерди. Рульде отырған милиционердиң қасындағы бос орынлықта кесесине жатырған дипломатты көрип, кеўли жай тапты. «Бар екен-ғо...»

— Ҳе, қошшым,—деп күлди қапталында гүмбездей болып отырған милиционер.—Дипломаттың енди есиңе түстиме? Турыпты, қошшым, турыпты. Ҳәзир барғаныңнан соң дипломатың ҳаққында бар-ғой, жа-а-ақсылап сөйлесемиз. Оны қаяқтан алдың, кимнен алдың, кимге алып баратырған едиң... Ҳе-ҳе-ҳе... Еле еске түсириўиңе туўры келеди, қошшым. Ҳәзирше отырабер.

Мақсет ҳайран болды. «Бул қалай?» Рахман аға «қаш» деди. Булар услап алды... Сонда енди мени урлық еткен етип көрсетпекши ме? Я-я-яқ! Рахман аға өйтпейди. Бул ағай Рахман ағаның ойындағысынан, әлбетте, бийқабар. Рахман аға биледи. «Соң түсиндиремен»,—деген емес пе? «Маған да, буларға да түсиндиреди. Мен Рахман ағаға исенемен».

Мақсет Рахман ағаны, оның мектепке барған дәслепки күнин еске түсириўге ҳәрекет етти...

* * *

Мақсет тынышсызланып тур.

Мине, ишки ислер бөлимине келип, екинши қабаттағы орташа бир бөлмеге киргеннен соң да оны «урыға» мегзетип, ҳәзир ғана



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзи менен келген милиционер оннан тергеў алмақшы.

Мақсет тым-тырыс турған бойы, дәслеп бөлме ишине көз жуўыртты. Кишкене, әпиўайы бөлме. Ишинде артықмаш нәрсе жоқ. Гөнелеў шкаф, иши буўат-буўат папкаларға толы екен. Бир стол, бир стул. Стулда бирге келген милиционер отыр. Ол столдың үстине бир бет ақ қағаз, үш реңде жазатуғын шарикли ручкасын алып қойды. Телефонды өзине ысырды. Бас кийимин шешип, шашын тараўға түсти. «Дым асықпайтуғын адам екен-дә. Иси питпеди-ғой...»

Оның жасы да, дәрежеси де Рахман ағадан киши екен. Аға сержант.

Аға сержанттың берген биринши сораўы. Мақсетти дым-ҳаўлықтырып жиберди.

— Басшыңыз ким еди? Аты? Ямаса лақабы?

— Ҳаў, аға, мен уры емеспен!—деди Мақсет күйип-писип.

— Яқшы, яқшы! Уры емес-пиш. Сизлерди өзим билемен.—Аға сержант қолына ручкасын алып, столға еңкейди.—Так, онда бир бастан баслайық. Атыңды айт?

— Мақсет.

— Фамилияң?

— Избасаров.

— Жасың?

— Он алтыда.

— Мектебиң?

— Бабур атындағы.

— Классың?

— Тоғызыншы «Б» да.

— Оқыўдан басқа не талабың бар?

— Спорт мектебине қатнайман.

— Кайсысына?

— Самбо секциясына.

— Хи-ҳи-ҳи,—деп күлип жиберди аға сержант,—Вор самбист! Тоба! Тренериң ким?

— Байзақов Көбейсин аға.

— Так, так, Байзақов, Байзақов...—Усылайынша бир сөзди тәкирарлап отырып, аға сержант телефон трубкасын көтерди де, керек номерин тере баслады. Жуўапты көп күтпеди.—Алло, Байзақовтың үйиме? Көбейсин аға керек еди? Ә-ә-ә, өзиңиз бе? Саламатсызба? Мен бе? Аллаяровпан. Угрозыsктен. А? Танымайман дейсиз бе? Яқшы, яқшы. Аўа. Сизиң секцияңызда Байзақов, то-есть, Избасаров Мақсет деген бала барма? Бар? Қалай. Өзи қандай бала деп атырман? Мақсетпе? Ҳе-е-е. Солай деңе? Яғ-ә. Бизде. Ҳәзирше ҳеш гәп. А?... А?!.. Ҳаў, үзилип қалдыма?

Аға сержант трубканы жай-парахат қойды. Соң Мақсетке қарап, бираз үнсиз отырды. Ол енди тағы гәп баслайын деп атырғанда, бөлмениң есиги ашылып, Рахман Ҳәкимов кирип келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аға сержант Аллаяров орнынан атып турып:

— Жолдас лейтенант! Урылардың биреўин...—деп атыр еди, лейтенант оған «жалт» қарағаны сол, аға сержанттың сөзи үзилип қалды.

— Аға сержант, урыңыз неси? Өзимиздиң бала-ғой.

— Айтаман, бир жерде көргендеймен-аў.

— Өзи айтпадыма?

— Өзи... айтпады, жоқ. Бағана услайман дегенимде, қолымнан шықпақшы болып атырғанда, басын тас дийўалға урып алып... Енди-енди есине келип атыр. Енди сөйлесемиз.

Аға сержант узын-шубай сөзин тоқтатып, аз турды-да, тағы гәп қосты:

— Жолдас лейтенант! Дипломат бунын қолында еди-ғо?

— Жағдай солай болып қалды.

— Ҳе-е-е.

Лейтенант Ҳәкимов есикке қарай айналды:

— Қәне, жүрин, бизлерди баслық кабинетинде күтип отыр.

* * *

Дәлизге шыққаннан кейин, лейтенант Ҳәкимов Мақсеттиң ийнине қолын қойып, өзине қаратты.

— Мени тез түсиндиң-ә? Мәртсең иним! Сөйтиў керек еди. Себеби, сениң менен соқлығысқан буйра шаш баланы сыртынан бақлап киятырған адамды сезип қалдым. Буйра шаш бала, айтпақшы, оның аты Лепесбай, лақабы «Лепешка»—сол қашыўдан артына қарамай кетти.

— Оны бақлап киятырған адам ше?

— Ол гүзетип турған геўегинен шыға алмады. Бирақ, сениң дипломатты алып қашқаныңды анық көрди. Ал, сени услап кеткенин билмейди. Анығын билиўи ушын мен оған имканият бермедим. Сол көшеден арман-берман еки мәрте жуўырып өтип, сен көзден узақласқанша оны геўегинде отырыўға мәжбүр еттим.

— Енди не ислеймиз?

— Ҳәзир өзиң бәрин еситесең. Баслық пенен ойласып, Лепешкаларды дузаққа түсириў операциясы ислеп шығылады. Сен ушын ендиги гәп, операцияға сен де қатнасыўың мүмкин.

— О-о-о!—Мақсет қуўанып кетти. Ҳәтте, оның қапталында турған аға сержант Аллаяровтың да езиўинде күлки ойнады.

— Туўрысын айтсам,—деди лейтенант Ҳәкимов бойын тиклеп, —қәўипли. Әсиресе, сен ушын қәўиплирек, Мақсетжан.

— Мейли, Рахман аға. Маған исенесиз-ғой, ақыры,

— Әлбетте. Онда қатнасасаң ба?

— Жаным менен!

— Кеттик онда!



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мақсеттиң қәдеми шыйрақласып, шаққанласып кетти.

Рахман аға айтқандай, оларды жынаят қыдырыў бөлиминиң баслығы, майор Мухтаров кабинетинде күтип отырған екен.

Мақсеттиң киргеннен-ақ абайлағаны сол, майор Мухтаровтың кабинети аға сержант Аллаяровтың бөлмесине қарағанда жүдә өзгешелеў еди. Есиги телетин менен сырланған жарма қапылы, кабинетиниң кеңлиги үш есе үлкен, жақтылы. Диййўалды жағалатып қойылған стуллары оғада көп. Барлығы бир түсли реңдеги, көрикли еди. Ал, майор Мухтаровта қабағын салып, Аллаяровдай пәтленип отырған жоқ. Қайтама орнынан турып, күле шырай менен келгенлерди жыллы күтип алды.

-Келиң, жигитлер, келинлер,—деди ол. Соң биринши болып, Мақсетке қол усынды.—Қәне, жигит, көрисип қояйық. Хе, бәрекелла! Жолдас Ҳәкимов, бағана телефонда айтқан азаматың усы жигит пе?

—Аўа, жолдас майор,—деп күлимсиреди Рахман аға.

— Ҳе, жарайды, жарайды. Қәне, отырыңлар. Ал, сен, жигит, мына жерге отыр, — деп майор Мақсетке өзине жақын турған стулды көрсетти.

Майор Мухтаров жасы елиўлерден өткен, шашына азы-кем ақ аралаған, арық, келтелеў адам еди. Ол отырғаннан соң, Мақсеттиң нәзеринде әдеўир киширейип қалғандай болды. Деген менен оның көзлери... аўа, адамға туўры қарағанда жети жүйеңнен дәл өтип кететуғын өткир нәзери бар еди. Мақсет буны ҳә дегеннен сезди.

Майор трубканы көтерип, нәўбетшиге қоңыраў етти.

— Бизиң жигитлер келди ме? Кирсин. Аўа.

Майордың жигитлери кирип келгенше, ҳәр ким өзи менен өзи болып отырды. Жигитлер үшеў екен. Биреўи формада, лейтенант. Қалған екеўи әпиўайы кийимде еди.

— Ҳәмме жәм болды. Ал онда баслайық, — деди майор. Соң таза келгенлерге Мақсетти таныстырды. — Ҳәзир дипломат усы жигиттиң қолында. Енди, оны да операцияға қатнастырыўды лейтенант Ҳәкимов усынып отыр. Бурыннан да өзи бул жигит милицияның жәрдемшилеринен екен. Тағы да жәрдем бермекши. Сизлер не дейсиз?

— Операцияға тиккелей қатнасы барма екен?

— Тиккелей қатнасы бар. Анығын, яғный бул иске қандай араласып қалғаны туўралы лейтенант Ҳәкимов баянлап береди. Яқшы. Ал, ҳәзир дәслеп жәбирлениўшиниң үйинде болған лейтенант Қазақовтың баянламасын еситейик.

Соңғы келгенлердиң ишинен форма кийгени орнынан турды. Өзине формасы дым жарасып турған лейтенант Қазақовтың ҳә



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегеннен көзге түсетуғын өзгешелиги—мурны еди. Тап кинодағы Фрунзик Мкртчянның мурнындай қыйсайған қусмурын. Жүдә салдамлы, ауыр минезлилеў адам көринеди бул Қазақов.

Ҳәмминиң дыққаты лейтенант Қазақовқа аўды.

* * *

Мақсет те дыққат пенен тыңлап отырды.

Лейтенант Қазақовтың баянламасы истиң дәслепки басқышы еди.

— Ҳәдийсе болған орын: Қатартал көшеси, жигирма жетинши жай. Үйдиң ийеси Минәжов Пахратдин. Ҳаялы Гүлсәнем Салаева. Еки баласы бар. Бир ул, бир қыз. Екеўиде мектеп жасында. Ҳәдийсе жүз берген ўақытта семья ағзалары театрда болған. Оны да анықладым. Қоңсылас областьтан концерт бригадасы келген екен.

Ал, ҳәдийсе ҳаққында бизге Минәжовтың қоңсылары хабар еткен. Оперативлик группа барғаннан соң үй ийеси де жетип келди. Ерли-зайыплылар ҳәм қоңсыларының қатнасыўында, үй әнжамларын көзден өткерип шықтық. Анықланғаны мыналар: Япон видеомагнитофоны, ишиндеги бир кассетасы менен алып кетилген. Бул затлай урланғаны. Ал, ақшалай бир мың еки жүз сом пул урланған. Болғаны. Үй ийесиниң гүўалық бериўинше басқа барлық нәрселер орны-орнында. Қол тийгизилмеген.

Лейтенант Қазақов «ҳәзирше усы» дегендей майор Мухтаровқа қарады.

— Яқшы,—деди майор.—Ал, урылар ҳаққында бизлерге нелер мәлим? тергеўши Маманов, сөз сизге.

Әпиўайы кийим кийген екеўдиң Мақсеттиң қасында отырғаны, сымбатлы, аққубашалаў, сулыўшық жигит орнынан турды.

— Ҳәзирше дерлик ҳеш нәрсе. Қоңсы-қобалардың айтыўына қарағанда, ҳеш қандай жат адам бул жерге, көшеге я бул үйге кирип шықпаған, өтип-қайтпаған. Тек күндизи, кешке таман бир «Ява» мотоцикли биреўдиң бир-еки өткенин көргенлер бар. Бирақ мотоциклшиниң түр-түсин, ҳеш болмаса қандай кийингенлигин айтып бере алмады.

Мениңше, меннен гөре лейтенант Ҳәкимов қызықлы етип айтып берер. Онда бул иске тиккелей қатнасы бар мағлыўматлар жеткиликли усайды,—деп Маманов баста Ҳәкимовқа, Мақсетке, оннан соң майор Мухтаровқа қарады.—Рухсат болса, дәслеп Ҳәкимовты тыңласақ деп едим.

— Болады,—деп келисти майор.—Бул ҳаққында лейтенант Ҳәкимов маған баян етип еди. Сизлер де бир бастан еситиң.

Рахман аға.

Аўа, лейтенант Рахман Ҳәкимов орнынан турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*  *  *

Мақсет Рахман ағасының толқып турғанын сезди. Ол ҳә дегеннен Мақсетке өтип кетпей, гәпти узақтан баслады.

— Ҳәдийсе жүз берген үй, жәбирлениўши Минәжовтың көшеси, — улыўма сол территория мениң участкама киреди. Мен өз участкамды ҳәр күни азанда, кеште айланып шығаман. Бүгин мениң қасымда гүзетши милиционерлерден сержант Аманов та бар еди. Оның «Урал» мотоциклинде айланыўға шығып едик. Қатартал көшесине кирген жерде Амановтың мотоциклиниң шырасы жанбай қалды. Бул ўақта қараңғы түсип еди. Соң Аманов мотоциклиниң шырасын оңлаўға киристи. Тап сол гезде Қатартал көшесинен шаўқым шықты. Мен Амановқа «изимнен барабер» дедим-де өзим шаўқым шыққан жаққа жуўырдым. Жуўырып киятырып Қатарталдың Заводская көшеси менен кесиспесинде биреўдиң тезлик пенен айланғанын ҳәм Заводскаядан қашқанын көрип қалдым. Оның қолында аўыр көлемли бир нәрсе бар еди. Мен чемодан шығар деп шамаладым. Демек бир гәп бар. Мен дәрҳал Заводская көшесине айланып қашқанның изинен жуўырдым. Бул ўақта қашып баратырған бала Алмазар көшесиниң кесиспесине жетип еди ҳәм сол жерде Алмазар көшесинен шығып киятырған мына Мақсет пенен соқлығысып кетти. Негедур екеўи бас салып, төбелеске түсти. Мен ысқырдым. Бала тағы қашты, Мақсет турып қалды.

Айтпақшы, мен Заводская көшесинен жуўырып киятырғанымда, көшениң ярымынан өткенимде, тағы биреўдиң көлеңкесин сезип қалдым. Көшениң оң қапталында бузылған шарбақ бар. Көлеңке сол шарбақты паналап, сыртқа сығалап тур еди. Сөз жоқ. ол қашқан баланың топарынан. Бәлким, баланың қолындағысын ол алып қалыўы керек болған шығар? Бәлким, ол баланы тек гүзетиўши шығар? Барлығы да мүмкин. Деген менен, өзлериңиз билесиз, урылар да әнейип емес. Олар урлық жойбарын пухта ислеп шығыўға ҳәрекет етеди. Мейли.

Әне усы жерде, мен жуўырып киятырғанымда-ақ, басыма бир ой «сап» ете қалды. Мынадай: бала қашты. Қолындағысы қалды. Соқлыққан бала тур. Демек, егер қалған бала жатқан чемоданды ала қашса, оны шарбақтан сығалап турған көлеңке көрсе... Онда олар ертең оны, сөзсиз, излейди...

Мен қалған баланың Мақсет екенин билгенимнен соң, қуўанып кеттим. Оған қашыўды буйырдым.

Усылай деп лейтенант Ҳәкимов иркилди. Оның сөзиниң даўамын аға сержант Аллаяров жалғастырды:

Жынаят жүз берген ҳаққында маған телефоннан жолдас Маманов хабарлап еди. Дәрҳал машинада жолға шықтық. Алмазар көшесине жеткенимизде, ысқырықты еситип, тез—машинадан түстим де, көшеге айланайын десем... Биреў усы жаққа қарай ен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тигип жууырып киятыр. Усладым. Мына бала екен, —деп ол Мақсетти көрсетти.

— Яқшы, — деп усы арада майор Мухтаров сөз қосты. — Жолдас Ҳәкимов, панада турған көлеңкени услаў мүмкин емес-пе еди?

— Мүмкин десе де болады, жолдас майор, демесе де. Бузылған шарбақ, ийесиз үй, арғы жағы тас-түнек майдан... Көлеңке шарбақтан-шарбаққа өтип, бәдар кетиўи мүмкин еди. Мен оны сезиклендиргеннен, билмегендей болыўды, ертең бул топарды толық әшкаралаўды абзал көрдим.

— Яқшы, тәжирийбеде қолланылған усыл. Болады. Ал, енди дипломатты таслап қашқан бала ҳаққындағы пикириңиз?

— Ол буйра шаш баланы таныйман. Мениң участкамнан. Аты Лепесбай лақабы Лепешка, керек ўақтында, сөзсиз, қолға алынады.

— Түсиникли,—деди майор.—Тағы кимде сөз бар?

Маманов орнынан турды.

* * *

Мақсетке Мамановтың сөйлеў тоны, ҳәр бир сөзди нықлап, қысқа ҳәм мәнили етип гүрриң етиўи жағып қалды.

Мамановтың сөзи тағы қысқа болды.

— Жолдаслар, — деди ол, — жуўмақлап айтқанда. Минәжовтың үйин тонап кеткен топар-үш баладан ибарат деген шешимге келип отырман. Биринши — буйра шаш бала, яғный Лепешка. Екинши—көлеңке. Үшинши — «Ява» мотоциклдиң ийеси. «Ява» мотоциклли баланың да бул топарға қатнасы барлығы анықланды. Сержант Аманювтың айтыўына қарағанда, ол Алмазар көшесиниң аяғына жеткенинде, буйра шаш бала сол жерде, спорт мектебиниң алдында турған «Ява» мотоциклге мингесип кеткен. Амановқа бул жерде де мотоциклиниң шырасы пәнт берип, қалып қойды.

Мақсет отырған жеринде «ҳаў» деп жиберди.

— Аўа. Мақсетжан, сен де бир гәп айтпақшымысаң? — деди майор қапталына бурылып.

— Мен оны көрип едим — деди Мақсет, тез-тез сөйлеп. — Мен мектептен шыққанымда ол сол жерде мотоциклин шуқлап тур еди. Ол... бирақ бала емес, үлкен адам-ғо. Дым қурығанда, меннен он жастай үлкенлиги бар. Ол маған көз қыйығын таслағаны болмаса, қараған жоқ.

— Түр-түсин айта аласаң ба?

— Түр-түси... — Мақсет терезеге қарап, ойланып қалды. Усы ўақытта Маманов «мен ҳәзир» деди-де, сыртқа шығып кетти.

— Оның түри бир қараганнан есте қалатуғындай емес еди, мениңше. Көйлеги көкбеди, қарамеди? Бирақ шалбарын анық



www.ziyouz.com kutubxonasi

билемен: жинси, «Монтана», аяғында крассовкасы бар. Бет-әлпетинен есимде қалғаны—мурты. Тикирейип турған қара мурты ғана.

Маманов кирип келди. Ол бир дәсте сүўретти әкелип, Мақсеттиң алдына жайып қойды.

— Жақсылап қара, бәлким, арасында бар шығар?

Мақсет сүўретлерди бирим-бирим көрип, бираз отырды. Ақырында бир сүўретти шығарып, Мамановқа усынды.

— Мына биреў азы-кем усап кетеди екендағы, бирақ, буның шашы да, мурты да жоқ екен-дә.

Майор Мухтаров екинши әпиўайы кийимдеги, келгели тым-тырыс отырған қарапәрең кисиге буйырды:

— Жолдас Алымов, Мақсетжанды дәрҳал Фоторобот бөлмесине апарың. Сүўретке шаш та, мурт та қойып көрсетиң. Бәлким, таныл қалар. Түсиниклиме?

— Әжеп болады жолдас майор!

— Иске кирисиң.

Майор енди лейтенант Қазақовқа қарап:

— Сиз жолдас лейтенант, — деди. — Сүўреттеги адамның картотекасын алып келиң.

— Әжеп болады жолдас майор!

Кабинеттен алдынба-кейин үш адам — Қазақов, Алымов ҳәм оларға қосылып Мақсет те шығып кетти.

* * *

Майор Мухтаровтың кабинетине биреў кирип, биреў шығып атырған ўақта столдың үстиндеги телефон шыңғырлап, дыққатты бөлди. Нәўбетши екен.

— Мухтаров еситеди. Ким? Тренер? Ҳе-е-е, Мақсетти сорайма? Маған? Ҳе, яқшы, келсин.

Майор трубканы қойып, Ҳәкимовқа қарады.

— Мақсеттиң тренери дәрриў қаяқтан есите-ғойды?

Ҳәкимов «жалт» етип, Аллаяровқа тигилди. Аллаяров төмен қарады.

— Аўа, мен қоңыраў етип едим.

— Тойдан бурын даңғара қақпайды, жолдас аға сержант! — деди Ҳәкимов зилли даўыс пенен. — Әсиресе, бизиң жумыста!

Аллаяров қысынғанынан, бир қысым болды. Терлеп кетти.

Майор Мухтаров усы ўақытта Аллаяровты гүналап отырмады, Ҳәкимовтың ескерткени ҳәзирше жетеди, деген шешимге келди.

* * *

Қапы қағылды.

— Кириң!

Босағада Байзақов көринди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳе-е, Көбейсин Байзақович, келиң, келиң, — деди майор кеўилленип. — Бизлерди де излейтуғын күниңиз бар екен-ғо.

Байзақов ҳәмме менен көрисип шықты.

— Әй, несин айтасыз. Мәлик Мухтарович, мениң бир балам сизге келип қалған екен. Өзи дым жақсы бала-дә! Ҳеш азарсыз, жүдә тәртипли бала. Самбо бойынша разряды да бар. Оқыўдағой круглый отличник! Ал, соны бағана Аллаяров деген «бизге түсти» дегенге, қорқып кеттим. Бир алжасық болған шығар деп, жуўырып келе бердим. Қәйтейин, оны дым жақсы көремен.

— Мақсетти айтып турсыз ба?

— Ҳаў, еле атын айтқан жоқпан ба? Мақсет. Мақсетти айтаман. Избасаров Мақсет.

— Бар, Көбейсин Байзақович, бар. Мақсет-бизиң жәрдемшилеримизден-ғой.

— Ҳе, солай ма? Онда жақсы екен. Мен қайдан билейин. Еле хабарым жоқ еди-дә!

— Мине, енди билип алдыңыз, — деп майор күлди. Соң жатығы менен тағы сөзин жалғады. — Ал, орынсыз мазалағанымыз ушын кеширерсиз. Хызметкеримиз тазадан келген еди, сәл тәжирийбесизлик еткен. Баста өзиңиз айтқандай, азғана алжасық болған екен.

— Яғ-ә, «кешир»и неси? Ондай-ондай болады. «Көш жүре келе дүзеледи». Мениң Аллаяровтан да, сизлерден де өкпем жоқ. Алжасық бәримизде де болып турады.

— Әнекей, демде келисимге де келип алдық.

— Онда мен қайта берейин бе? — деди тренер. — Үйдегилерге де айтпай кетип едим.

Кабинетке лейтенант Қазақов кирип келди. Ол қолындағысын майордың алдына қойып, орнына өтип отырды.

— Қайтсаңыз болады, — деди майор орнынан турып атырып. — Сизден бир өтинишимиз бар, Көбейсин Байзақович?

— Аўа?

— Бул жерге келгениңиз қоңыраў, Мақсет ҳаққында ҳеш кимге айтпаўыңызды өтиниш етемиз. Ҳәтте, Мақсеттиң өзине де. Еле нс шала.

— Болды, Иллә деп аўыз ашпайман.

— Рахмет сизге. Көрискенше хош онда.

— Исиңиз оңға бассын!

Байзақов қалай келген болса, солай тез шығып кетти.

* * *

Майор Мухтаров қолындағы картотеканы бир рет көзден өткерип болып оны Ҳәкимовқа узатты.

Ҳәкимов оқыўға түсти.

«Жалғасов Өтепберген. Лақаплары — Пират, Фантомас. 1951-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылы туўылған. Миллети — қарақалпақ. Мағлыўматы — толық емес орта. Жасайтуғын жерлери: Атасының үйи — «Терекжап» аўылы, ушинши бригада. Әкесиниң үйи — тың жердеги «Жеңис» совхозы, екинши бөлим, жигирма төртинши бригада. Әжағасының үйи—қаладағы Станиславский көшеси, қырқ биринши үй. Семьясы жоқ, үйленбеген. 1981-жылы урлық еткени ушын судланған. Еки жылға қамалған. Қамаўдан шыққан соң, көп өтпей тағы урлық еткен. Бул сапары қолға түспей, қашып кеткен. Ҳәзир излеўде...».

— Бул емес шығараў-аў, — деди Ҳәкимов картотеканы майорға қайтарып берип атырып. — Көптен бери аты-заты шықпай кетти емес пе?

— Әйне тап соның ушын да қайтып келген болса-ше?—деп майор өз пикирин ортаға салды. — «Мени ҳәмме умытты. Енди еркин урлығымды ете беремен». Қалай?

— Ким биледи дейсиз. Сол мекен?

Усы ўақытта қапы ашылып, дәслеп Мақсет, изинен Алымов кирип келди. Алымов кириўден-ақ рапорт берди:

— Сол!

Жалғасовтың сүўрети қайтадан қолдан-қолға өтти.

* * *

Мақсеттиң бул гезде ойы онға бөлинип отыр еди.

Алымов ағасының шығарып келген Жалғасовтың сүўрети ең ақырында тағы майор Мухтаровтың қолына жетти. Майор сүўретти бир шетке ысырып қойып, әсте гәп баслады:

— Жолдаслар, ўақыт та әллемәҳәл болып, биразға шамаласып қалдыма деймен. Кеш болып қалды. Айтайын дегеним, Мақсеттиң үйиндегилер қәўетерленип отырмасын. Оны үйине Аллаяров апарып қайтса, не дейсизлер? Жолдас Ҳәкимов?

— Дурыс, жолдас майор, — деди Ҳәкимов. — Бирақ, мен ойлаған жойбар бойынша Мақсеттиң буннан соңғы операцияларға тиккелей қатнасы бар.

— Яқшы, Жолдас Ҳәкимов, буны бағана айттыңыз. Сизиң усынысыңызды талқылап көремиз. Жойбар кеўилдегидей болса, онда ең керек орынларын Мақсетке өзиңиз-ақ түсиндирип бересиз. Мақулма?

— Мақул, жолдас майор. Сонда да ол кетип қалмасын. Аллаяров пенен бөлмесинде отыра турсын. Үйине өзим апараман. Себеби, мен оның ағасын да, апасын да жақсы таныйман. Өзим жатығы менен оларға жағдайды түсиндиремен.

— Яқшы, Жолдас Аллаяров, Мақсет сизиң бөлмеде азғана дем алып отырсын. Қәне, Мақсетжан, бара-ғой, иним.

Мақсет сөз қоспады. Майордың айтқанын ислеп, Аллаяровтың изине ерип, кабинеттен шығып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бөлим хызметкерлери участка инспекторы, лейтенант Хәкимовтың усынысларын тыңлап, додалауға киристи. Додалаў, дерлик, еки саатқа созылды. Хәкимовтың усынысы әҳмийетли бөлимлер менен толықтырылып, жаңа операциясына басшылық етиў жынаят қыдырыў жойбары ислеп шығылды. Бул «Дипломат» операциясына басшылық етиў, жынаят қыдырыў бөлиминиң баслығы майор Мухтаровқа жүкленди. Оперативлик группаға лейтенант Хәкимов, тергеўши лейтенант Маманов, эксперт—кримналист Алымов, сүўретши аға сержант Аллаяровлар киргизилди.

Ал, Мақсет болса бул операцияда жетекши фигура деп есапланды: Операцияның табыслы жуўмақланыўы тек Мақсеттиң ҳәрекетине байланыслы екенлиги атап көрсетилди. Мақсет пенен арнаўлы ис алып барыў Рахман Хәкимовқа тапсырылды.

— Әне, жолдаслар, — деп майор Мухтаров орнынан турды. — Енди иске сәт!

Кабинетте отырғанлар да майор менен тең қозғалды.

Майор Мухтаров бөлим хызметкерлерин шығарып салып, өзи кабинетте жалғыз қалды.

* * *

Мақсет бөлмеде, Аллаяров әкелип берген жумсақ креслода отырып, уйықлап кеткен екен.

Ол бөлмеге Хәкимовтың кирип келгенин сезсе керек, дәрриў көзин ашты.

— Не гәп, Рахман аға? — деди Мақсет асығып.

— Ҳәммеси кеўилдегидей!

— Мен де операцияға қатнасатуғын болдым ба?

— Әлбетте! Қатнасасаң. Қатнасқанда да бас тапсырма сениң шегиңе түсип тур.

— Қалайынша?

— Бул ҳаққында жолда сөйлесемиз. Айтпақшы, майор хызметтеги машинасын бизлерге берди. Сениң менен мени апарып келгеннен соң, майорға келеди. Мәлик Мухтарович зор адам-дә!

— Мәлик аға маған дым унады. Жүдә әлпайым, кеўилли ҳәм әпиўайы киси, я?

— Ол бәрқулла солай. Мине, соның ушын да жигирма жылдан бери жынаят қыдырыў бөлиминиң баслығы болып ислеп киятыр. Оның басшылығында не-не жынаятлар ашылмады дейсең! Бәринен жақсысы, ол жасларға исенеди.

Хәкимов бирден Мақсетти асықтырды.

— Тезирек кетейик, Мақсетжан. Майор машинасын көп күтип қалмасын.

— Яқшы, мине мен таярман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар Аллаяров пенен хошласып, қапыға жақынлаған гезде, Ҳәкимов арқасына бурылып, кеўилли түрде былай деди:

— Аллаяров, сен-әм операцияға қатнасатуғын болдың. Мамановқа жолығып, таярлығыңды көребер, жолдас аға сержант!

— Ырас па? Рахман аға, анық па?—Аллаяров қуўанғанынан, әдеттеги хызмет бабындағы рәсмий сөйлесиўди де умытып, орнынан атып турды. — Онда дым зор болған екен-әй, я?!

— Анық! Барабер. — Солай деп, Ҳәкимов дәлизге шықты.

Мақсет пенен Рахман аға сыртқы есиктен шығып атырған ўақта, Аллаяров баспалдақтан екинши қабатқа тез-тез көтерилип баратыр еди.

* * *

Мақсет үйиниң алдына келгеннен соң «Уазик» автомашинасынан түсип атырып, сәл қысынайын деди.

— Ағам менен апама енди не деймен?

— Жүребер, өзим айтаман дедим-ғо.

Ҳәкимов «Уазик»тиң шоферына «сиз кетебериң» деди де, Мақсеттиң алдына түсип, ҳәўлиге кирди.

Есик еле ашық тур екен. Ҳәкимов ишки қапыны тақылдатып, даўыс берди:

— Избасар аға, ҳаў, Избасар аға!

— Ким ол? — деген иштен ҳаял кисиниң ҳүрейли даўысы шықты. Изинше дәлизде өзи көринди. Ол Мақсеттиң анасы Гүлбәҳәр апа еди. Гүлбәҳәр апа Ҳәкимовты көрип, бетер қорықты. — Ҳаў, маңлайым, тынышлық па?

— Тынышлық, жеңге, тынышлық. Неге қорқасыз? Ҳаў, мениң келмей жүрген үйим бе бул? Мине, Мақсет те қасымда.

— Тфа! Тфа! — деп Гүлбәҳәр апа жағасына түкирди. — Маңлайым-аў мен сен екениңди ҳәтте абайламаппан-да! Мақсеттиң буншама кешигетуғын әдети жоқ еди. Соған қорқып отырғанымда, мына форманды көрип, жаным шығып кете жазлады. Қәне, ишкерилең. Ҳаў, Мақсет қәне? Түў-ў, сени де көрмей турғаныма қара, балам-аў. Өтеғой. Мен ҳәзир, — деп Гүлбәҳәр апа изине айналды. Ол еле сөйлеўи менен баратыр еди. — Ҳәй, ағасы, тур. Анаў милиса иниң келди.

Избасар ағаның уйқысы шайдай ашылды.

— Милиса?

— Баста мен де қорқып кеттим. — Хе-хе-е, — Гүлбәҳәр апа күлип кирди. — Рахман иниң екен.

— Әй, сөйдесең-о,—Избасар ағаның даўысы қырылдап шықты. — Рахман, ҳә, келебер.

Ҳәкимов ишке күлимсиреп кирип келди.

— Ҳаў, аға, бул не жатыс?

— Әй, иним-ай, мына жеңгеңниң жағы тынбай, қақылдай бер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

геннен соң, шешинбестен диванға жамбаслап —жатып едим, уйықлап кетиппен.

Ишке Мақсет те кирди.

— Әй, балам-әй, — деди ағасы, — усыншама кешигетуғының бар екен, ақыры, бир қоңыраў етип, ескертип қоймайсаң ба? Мына апаң мийимди тести-ғо!

Избасар аға орнынан бир майдан турып, тағы отырды.

— Әй, баламысаң деген-ай, — деп қойды. Соң Ҳәкимовқа қарады. — Ал, иним, ярым ақшамда қаяққа бардынлар?

— Жумыс, аға, — деп Ҳәкимов гүмилжилеў жуўап берди. — Мақсет болса, өзиңиз билесиз, бизиң жәрдемшилеримизден.

— Мен сизлерге ҳайранман, иним. Усы шаппаттай баланың не жәрдеми тийетуғын еди? Тек ойынды биледи. Басқасына бас қатырып не қылсын усылар. Еле қурттай бала-ғой.

«Усы қурттай баланың ертең үлкен бир операцияға қатнасайын деп турғанын, милицияда усы қурттай балаға зор исеним менен қарап отырғанын билсе-ғой. Избасар аға бүйдемес еди-аў». Ҳәкимов бул ойын Избасар ағаға ашық айтпады. Бағана киятырғанда «барғаннан соң бәрин айтып, жайпарахат түсиндиремен», деген пикиринен де қайтып қалды. Ҳәзирше тек Мақсеттиң өзине билдирип кеткени мақул усайды.

— Ал, Избасар аға, — деп Ҳәкимов орнынан турды. — Мен енди қайтайын. Мақсетти үйге таслап өтейин деп айланып едим.

— Яғ-ә, шай-пай ишип кетсең-о?

— Рахмет, аға, — Ҳәкимов күлимсиреди. — Биздеги келиниңиз-әм сәл шатақлаў. Еле уйықламай, мени жүндей түтиўге тайын болып отырған шығар. Барайын.

Ишкериден Гүлбәҳәр апа шықты.

— Ҳаў, қайним, шай қойып келдим.

— Жоқ, рахмет. Барайын.

— Онда тағы бир кел, иним, — деди Избасар аға. — Әй, бала, бирақ ертелеў келе-гөр. Ўаҳ-ҳа-ҳа...

Гүлбәҳәр апа да гәп қосты:

— Келинди де ала кел.

— Яқшы. Көрискенше хош.

Мақсет Рахман ағасына ерип, дәлизге шықты.

— Сыртқа шықпай-ақ қой, — деди Ҳәкимов. Соң операция жөнинде, тек Мақсетке тийисли гәплерди қысқа-қысқа атап өтти. — Операция ислери әллеқашан ҳәрекетке түсти, Мақсетжан. Сениң ўазыйпаң мынадай: бүгин бе, ертең бе ямаса арғы күниме, ҳәзирше белгисиз, урылардан биреўи саған я қоңыраў етеди, я ушырасады. Сонда сен өзиңди басқашалаў тут, яғный қырсықлық көрсетип, тирсеклик ет. Мейлиң. Қулласы, урылар сени ерсилеў, есерлеў деген шешимге келсин болды, сең кереги сол. Түсиндиң бе?

— Түсиндим. Өжетлик етемен. Тағы не?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тағы мынаў: Дипломатты сораса, милициядан қашып қутылғаныңды, дипломатты жасырып қойғаныңды ҳәмде қуры алақан бермейтуғыныңды айт. Келиссе, апарып беремен де.

— Мен де дипломат жоқ-ғо. Милицияда қалды.

— Азанда аласаң. Ырасында да жасырып қой. Үйдегилерге билдирме.

— Өзиңиз әкелип бересиз бе?

— Яқ. Алымов ағаңды билесең-ғой? Сени фоторобот бөлмесине апарған. Сол әкеледи. Ҳәзир ол дипломат пенен шуғылланып атыр.

— Яқшы.

— Және бир гәп: сен бизге қоңыраў етип, я милицияға барып жүрме. Ҳәр қандай жағдайда да. Уқтың ба? Телефоныңды да, сениң өзиңди де бизиң жигитлер бақлап турады. Қорықпа.

— Қорықпайман!

— Әне, жарайсаң, иним! Мен кеттим. Керек ўақтында сени өзим таўып аламан. Ал яқшы!

— Яқшы!

Ҳәкимов сыртқа шығыўдан-ақ демде түн қойнына сиңип кетти.

* * *

Мақсет азанда күндегисинен ерте оянды. Биреў оятқан жоқ, өзи турды. Сыртқа шықса, сонда да күн дегениң әллеқашан жайылып, жадырап кеткен екен. Шамасы, бүгин де күн ыссы болатуғын усайды.

Мақсет ҳәўлиге, бақ жаққа өтти. Сонда ол туўры өзине қарап турған Алымовты көрип, дым ҳайраны шықты. Туўрысы, қорқып кетти. Қаяқтан пайда болды? Алымов бақ ишиндеги аяқжолда, жүзимниң панасында күлимсиреп тур еди.

— Ҳә, Мақсет палўан, турдыңба?

Мақсет не деп жуўап берерин билмей, Алымовқа қарай тез-тез жүрип барды.

— Ҳаў, қашан келдиңиз?

— Қашшан еди. Анаў аманатыңды алып қал. — Ол жүзимниң түбинде бүркеўли турған дипломатты көрсетти. — Оны муқыятлап сақласын, деди. Мен тез қайтыўым керек.

— Үйге кирмейсизбе, ақыры?

— Еле келермиз. Ҳәзир ўақыт жоқ. Ҳәм мүмкин емес.

Алымов тез қайтып кетти. Ҳаўлығып турған Мақсет тағы абайламай қалды, Алымов қаяқтан шықты? Қапы илик, шарбақтан асып кеттимекен?

Мақсет бақ ишин әсте аралап шықты. Алымовтың өзи түўе, изи де жоқ еди.

Мақсет изине қайтып, бүркеўли турған дипломатты қушақлаў бойы, бақтың төрине қарай жүрди. Ол жерде қашшаннан берли



www.ziyouz.com kutubxonasi



ески-түскилер туратуғын, шифр менен қоршалған тауық кетек бар. Көптен қараўсыз жатырған бул тауық кетекке ҳеш ким бармайды да, ҳеш кимниң ойына да келмейди. Бақтың ишиндеги ең елеўсиз жер усы еди.

Мақсет тауық кетектен шығып, ҳәзир ғана Алымов турған жүзимниң қасына келгенде, дәлизден ағасының даўысы шықты.

— Мақсет, ҳо Мақсет!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен мындаман, аға.

— Қол жуўғышқа суў қуй, балам.

Мақсет шелек пенен суўды алып, қолжуўығыштың қасына жетти. Ағасы қолында сабыны, ийнинде сүлгиси менен еле усы жерде тур екен.

— Әй, мен ҳайранман-әй. Усы қолжуўғышта-ақ ҳеш қашан суў турмайды. Билмеймен, ким ағызып таслайды. Бар, апаңды шақыр!

Мақсет үйге кирсе, апасы да, үкеси Рахмет те қашшан турған екен.

— Апа, сизди ағам шақырып атыр.

— Пай, усы сениң әкең де жанығады—жүреди! Мынаның кийимлерин, затларын таппай атырман. Рахмет! Папкаң қәне? Туўў-ў, өз нәрселерин өзи таппай жүргенин қарашы бунының!

Мақсет күлимсиреп қойды. Бул күндеги көринис, күндеги гүйбең еди. Күн усылай басланады ағасы далада сөйленип жүр, апасы Рахмет пенен жетелесип бөлмеме-бөлме жүр, әжапасы Сәлийма асханада шәйнек-кеселерди сыңырлатып атыр...

Мақсет те жуўыныўға сыртқа шықты.

* * *

Мақсет мектепке келип, класына кирген ўақта, изинен Нуртаза да кирип келди.

— Сәлем, Мақсет, — деди Нуртаза қолын усынып. — Жаңағы изинде киятырған балаға бир нәрсе деп пе един?

— Қайсы балаға?

— Ҳаў, сениң менен избе-из киятырған бала не? Сигарета шегип киятырған? Арық, буйра шаш бала не?

— Буйра шаш? — Мақсеттиң негедур жүреги дүрсилдеп кетти. — Не дейди?

— Не дейтуғын еди? Дерлик ҳеш нәрсе. Мен оның да изинде киятыр едим. Ол тоқтап, маған сени ийеги менен нусқап «Оның аты ким?» деп сорады. Мен айттым. «Нешинши класста оқыйды?» деди. Мен айттым. «Ҳе-е-е» деди де, түтинин бурқыратып, турып қалды. Соң мен бир жумысы бар шығар деп, «Мақсетти неге сорадың?» — деп едим, жекиринип жиберди. Жилли ме өзи? Тап былай етип қолын силтеп, «барсаңа-әй!» деди. Мениң ашыўым келип, тез жүрип кеттим. Ол сол жерде, тротуардың шетиндеги отырғышта отырып қалды. Ол ким өзи?

— Билмесем, — деди Мақсет ийнин қысып. — Қызық, я?

— Ўаҳ! Мен оны сениң танысың шығар деп едим-аў! Болмаса мен оған жекириниўди көзине көрсетип қояр едим-аў!

— Айтпақшы, оны отырып қалды дедиң бе?

— Аўа.

— Онда, жүр қәне? Ким екенин билейик ше.

Кеттик!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екеўи ентигип жетип келсе, Нуртаза айтқан отырғышта ҳеш ким жоқ еди. Отырғыштың астында еле өшип үлгермеген еки дана сигарета жатыр еди.

Мақсет пенен Нуртаза изине қайтты. Олар классқа кирген гезде сабақ басланғанын билдирип дәлиздеги электр қоңыраў «зарлап» қоябердн.

* * *

Үшинши сабақта отырған ўақта Мақсеттиң қарны «қур-р» етип, нама «шертип» жиберди. Ол қысынғанынан дәрриў парталасына қарады. Жоқ, ол сезбепти, сабақ тыңлаўы менен отыр. «Асқазаным аўқат деп сигнал берип атырғаны- ғо»—деп ойлады Мақсет. — Яқшы. Гөшли болса, алты сомға еки сомса береди. Болады сол.

Ол тәнеписте мектеп асханасына жуўырды.

Ойлағанындай, сомса гөшли екен! Буфетши апай екеўин қағазға орап берип атырып:

— Еле ыссы ғана. Тез жеп ала-ғой, — деп қойды.

Мақсет асханадан шыққан гезде үкеси Рахметке көзи түсти. Күтип турған усайды, үкеси дәрҳал оның қасына жуўырып келди. Қасында өзи менен қатар бир тақырбас бала бар екен.

— Әжаға, — деди Рахмет, — мына бала мениң жорам. Аты Аймурат. Биринши «Б»-класында бирге оқыймыз.

— Жудә жақсы. Дәлизде неге турыпсызлар?

— Әжаға, — деди тағы Рахмет, — маған он сом бериң. Аймурат та аш болыпты, мен де аш болып турман.

— Азанда апамнан пул алмап па един?

— Алып едим, — деп Рахмет төмен қарады. — Формамды кийип кете бериппен. Пулым үйдеги көк шалбарымның қалтасында қалып қойыпты.

— Пай, Рахмет-ай, бәрқулла усындай умытшақлық етип, ҳаўлығып жүресең!

Мақсетте усы гезде ҳеш пул да жоқ еди. Не ислеў керек? Қарны тағы... Ол қолындағы сомсаның биреўин үкесине, биреўин үкесиниң жорасына берди. Қағазын уўмажлап-уўмажлап... қалтасына салып қойды.

— Алың, еле ысы ғана. Тез-тез жеп ала-ғойың! Мақсет сөйдеди де класына қарай жылдам жүрип кетти. Өткени, ол үкеси менен үкесиниң жорасының қасында қарнының тағы «қур-р-р» лап, нама «шертип» жибериўинен қорыққан еди.

* * *

Мақсет класына жақынлаған ўақта, алдынан Нуртаза шықты. Бир жаңалық жеткермекшидей, жуўырып шықты!

— Мақсет, бағанағы буйра шаш баланы тағы көрдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қаяқта?

— Спорт майданшасында, турниктиң қасында тур.

— Қасында ким бар?

— Бир өзи?

— Жүр қәне!

Екеўи избе-из сыртқа шықты.

Нуртаза дурыс айтыпты. Турниктиң қасында кеше түнде көше кесиспесинде соқлығысқан буйра шаш бала — Лепесбай ыржыйып тур еди. Ол тап бурыннан таныйтуғындай, Мақсетке узақтан-ақ кеўилли қол былғады.

Мақсет Нуртазаға айланды:

— Нурик, сен усы жерде тура тур. Мен өзим...

Нуртаза Мақсеттиң жүзине тигилип қарады ҳәм достының азы-кем толқып турғанын абайлады. Бирақ билдирген жоқ. Тек:

— Егер ол бала сениң де жиниңе тийетуғын болса, — деди нықлап, — айтайын дегеним, сескенбе! Мен барман. Садық бар.

— Яғ-ә, — деди Мақсет. — Жиниме тийип, жилли дейсең бе? — Мен оны танымасам, не жумысы бар!....

Сөйдеп, Мақсет буйра шаш балаға қарай жүрди. Ал, Нуртаза болса изине қайтты. «Садықты шақырып келиўге кетти, шамасы» — деп ойлады Мақсет.

Буйра шаш бала да буған қарай жүрди.

— Ҳе, қалайсаң. Мақсет? Буншама түсиңди суўыта берме? Мен жағаласыўға келгеним жоқ.

— Сонда неге келдиң?

— Дипломатты қайтып өзиме берерсең, ақыры!

— Дипломатың таслаған жериңде жатқан шығар.

— Өйдеме. Мен бәрин билемен. Дипломатты сен алып қаштың. Милициядан да қутылып кеттиң. Қалай?

— Тағы не?

— Көрип турыпсаң мен де қашып қутылдым. Бирақ, дипломат... Биреўдики еди-дә! Өзине апарып бермесем болмайды.

— Оның менен мениң жумысым жоқ. Билдиң бе? Айтпақшы, атың ким өзи сениң?

— Лепесбай, — деди де, соң күлип сөйледи. — «Лепешка» десең де бола береди. Бизиң компанияның жентельменлери мени солай деп шақырады.

— Оҳо, еле сен де жентельменсең бе? Мысқыллап күлди. Мақсет.

— Көрип турғаныңдай! Алатуғыны, я қосатуғыны жоқ.

— Маған қара, Лепешка, буннан кейин мениң алдыма шықпа! Түсиндиң бе? Мен сени де, жентельменлериңди де билмеймен. Билиўди де қәлемеймен. Мен де дипломат та жоқ!

— Да? Изи жақсы болмайды, қошшым. Арамызда саған күши жететуғынлары да баршылық. Оннан қайта, былай етейик. Сен маған дипломатты жеткер, мен саған... Так, өзиң нени қәлейсең?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Маған ҳеш нәрсе керек емес!

— Яқшы. Егер саған сол дипломат жағып қалған болса, онда мен саған сондай дипломаттың суўдай тазасын әкелип беремен.

— Буншама сен сен не ол дипломатқа жабысып атырсаң. Суўдай тазасын өзиңе ал. Ямаса менде деп турған дипломатыңда алтының барма еди?

— Арада алтыннан да қымбат ўәде бар. Биреўдики дедим-ғо саған. Апарыўым керек. Ал, келистик пе?

Мақсет сөз қоспай турды. Бул үнсизликти келисимге жорып, Лепесбай былпыта баслады:

— Әне, келистик! Оллагер, мен саған суўдай тазасын әкеп беремен. Ҳәзир мениң дипломатым қай жерде?

— Биреўдики емес пе?

— Биреўдики еди.

— Жасырып қойыппан.

— Маладес! Дурыс ислепсең. Онда бүгин кеште «Бердақ» кинотеатрының алдында ушырасамыз. Ақырғы сеанс басланбастан бурын. Келесең бе?

— Дипломатты апарыўым керек пе?

— Аўа-дә!

— Өзи де зилдей бәле екен. Ырастан да алтының барма деймен.

— Қайда?! Не болса да, тағы бир көтерип көресең-дә. Керек тастың аўырлығы жоқ дейди бизиң жентельменлер.

— Маған қара, сениң жентельменлериңниң маған кереги жоқ. Бир өзиң келесең. Ўәде еткениңди әкелесең, буны аласаң. Араға адам қоссаң, дипломаттан гүдериңди үзе бер. Мен гүўасыз болғанын қәлеймен.

— Вот это да! Әй, бәлесең ғой-әй! Муштай болып, сениң де мурның көп ийис билетуғын усайды-ғо, я?

— Ояғы менен жумысың болмасын!

— Яқшы, яқшы! Келистик. Так, «Бердақ» кинотеатры, ақырғы сеанстан бурын. Тамам.

— Езебердиң-дә сен-әм!

Ал, яқшы, мен кеттим.

Лепесбай мектептиң арқасына қарай жуўырып кетти.

Мақсет изине қайтты.

Мектептиң артқы жағынан мотоциклдиң гүрилдиси еситилди. Гүрилдиге қулақ түрип, Мақсет дәрриў билди: «Ява» ның сести!

Мақсет барып, мотоциклдиң изинен қарамақшы еди, бирақ өзине қарап киятырған Нуртаза менен Садықты көрип, бул пикиринен қайтты.

Бул ўақта ол өзин әбден басып алған еди. Ақыры, Рахман ағасының айтқанындай болып шықты емес пе? Оның үстине, шамасы, Мақсет те өз ролин кеўилдегидей атқарды керек. Ең әҳмийет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лиси, Лепесбай буннан ҳеш қандай гүдикленген жоқ. Енди бул ҳаққында Рахман ағасына қалай жеткереди? Айтпақшы, «маған хабарласпа, ҳәр қандай жағдайда хабарласпа» деп еди-аў? «Бақлап турамыз» деп еди. Ҳәзир бақлап тур ма екен, я? Ол жан-жағына қарады. Бирақ ҳеш ким көринбеди.

Деген менен Мақсеттиң кеўли тоқ еди.

* * *

Мақсет досларына қарап, жүрисин жылдамлатты.

Нуртаза менен Садық келе сала, екеўи теңдей сораў берди:

— Ким екен ол?

— Ҳәй, ҳеш ким. Мени биреў менен алжастырған усайды. Сораған адамларының биреўин де танымадым. Кетти-ғой көпирип-көпирип. Жүриң, классқа барайық, сабақ басланып кетер.

— Жүдә қопал бала екен,—деди Нуртаза ашыўлы түрде.—Мениң менен дым турпайы сөйлести. Қолларын сермеп, паңқыйыўын көрсең еди!

— Сонда рас уқшатып жибермепсең,—деп Садық та сәл қызыңқырады.—Ондайлардың сөйтип ҳаққынан шықпасаң, жақсы сөзиң далаға кетеди.

Нуртаза кеўилсиз, қолын силтеди.

— Әй-й-й, жаман менен жағаласып не ҳәлегим! Жүриң, жоралар, сабақтан кеш қалмайық.

— Кеттик,—деди Садық, соң Мақсетке қарап, ҳәзиллести,—Нурик барып, «Мақсет коверға шықты, тамаша көрсең жүр» дегенге жуўыра бериппен. Ақыры сен спортзалдағы коверда қашанғы жыға бересең, сениң де жамбасыңның жер сыйпағынын бир көрежақ болып едим-дә!

Қой-сә, жора. Көринген менен айқаса бериў керек пе? Нуриктиң айтқанындай, не ҳәлегим!

— Рас-тә!—деп қойды Нуртаза.

Үш дос классқа асықты

* * *

«Бердақ» та киноның ақырғы сеансы жүдә кеш басланатуғын еди.

Ал, Мақсет болса зәрре ертерек қозғалды. Өйткени, еле дипломатты жасырған жеринен үйдегилерге билдирмей алып шығыўы, таныс көп емес көшелерден айланып барыўы керек. Қанша ўақыт кетеди. Үлгериўи ушын ҳәрекет етпесе болмайды-дә.

Оның ислери оңынан келди.

Кинотеатрдың алдындағы адамлардың оғада көплигин көрип, Мақсет әўели ҳайран болды. Ал, афишаға көзи түскеннен соң, «ҳе-е... деп қойды. «Әлий баба ҳәм қырқ қарақшы». Адамлар да, қызық, я? Қашан ҳинд кинофильми қойылатуғын болса, әлбетте,



www.ziyouz.com kutubxonasi

кассаның алдында сондай соқлығысады. Өзимиздиң кинолар ше? Бири-биринен зор емес пе? Ал, жақында халқымыздың мақтанышы, сүйикли китабымыздың қаҳарманы—«Қарақалпақ қызы»ның киноэкранға шығыўы не деген қуўанышлы ўақыя болды дейсең!

Мақсет қарақалпақ киносында ойнаған актерларды көз алдына келтирип, бир шетте ойға берилип тур еди. Сонлықтан, ийнине биреў «тап» еттирип қолын қойған гезде, «селк» етеғалды. Ол тез бурылып қарады. Қапталында енгезердей биреў көзлери алақлап тур. Қурттай қаснағы бар ақ кепкасын қатты басып кийгенинен бе, тап басын сыйыр жалағандай, тек еки қулағы едирейип көринеди.

— Мақсет, сени Лепешка жетинши дүканның алдында күтип тур. Сол жаққа бар.

Сөйдеди де ақ кепкалы бадырақ көз адамлар арасына сүңгип кетти. Мақсет сораўға да үлгермей қалды.

Бул қалай болғаны?

* * *

Мақсет изине қайтты.

Жетинши дүкан қаланың ең қубла шетинде еди. Оған бараман дегенше қапылып қалғанда он бес-жигирма минут ўақыт кетеди. Ҳеш гәп. Бирақ мына зилдей дипломатты көтерип барыўды айт-сә! «Эҳ Лепешка! Изимнен тағы бир мәрте бақлап көрмекшисең-дә. Ахмақ емессең! Мейли көрейик...»

Мақсет қәдемин тезлетти.

Дүканға жүз метрдей қалғанда ойламаған жерде Мақсеттиң тап қапталында Лепешка пайда болды. Аспаннан түсти ме, жерден шықтыма? Мақсет ҳайран, ал оның сөзин еситкенде-ғой, оннан бетер ҳайраны шықты.

— Мениң менен жүресең, Мақсет.

— Қаяққа?

— Әжайып жерге!

— «Әжайыб»ың өзиңе буйырсын. Тоқта! Ўәде бойынша, дипломат қәне?

— Бар.

— Әй, Лепешка, ойнаған екенсең! Дипломатты көрсетпесең, бир де адым атпайман.

— Ашыўың келдиме? Қой-сә! Ўәдем сол ўәде. Жүребер, саған айтқан таза дипломат үйде турыпты. Мынаны таслап, оны алып қайтасаң. Өтирик айтсам, өтим жарылсын.

— «Бердақ»қа неге бармадың? Мына зилдей бәленди көтерип жүриўге мени қумар дейсең бе?

— Ояққа бармағаным, зәрүр ис шығып қалды. Сол ушын жорамды жиберип едим.

— Ким ол жапырайған кепка?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Еле танысыўға үлгересен. Ал, мына бәле саған аўыр болса, маған бер, мен көтерип бараман.

— Және не? Билип қой, меннен қашып қутыла алмайсаң.

— Жиллимисең? Қаяққа қашаман? Сен бол, мен болайын, мынаны апарыў керек. Я қорқып турыпсаң ба?

— Және не? Қәне, жүр!

Ол екеўи тең қәдем таслап, қаланың шетине қарай жылдам жүрип кетти.

* * *

Қараңғылық кем-кем қойыўласып, қыр-дөгерек тас-түнекке айналды.

Қаланың шетине шыққанлары қашшан еди, олар еле жүрип киятыр. «Бир шақырымдай жол жүрдик пе деймен,—деп ойлады Мақсет жан-жағына сер салып киятырып.—Қаяққа баратырмыз өзи? Енди усындай зым-зыя түнде Рахман ағалар қандай бақлай алады? Булардың излерин жойтып алмаса болар еди-аў. Еле көп жүремизбе екен? Мына Лепешканы сөзге тартып көрсем ше? Ҳеш болмағанда барар жердиң бағдарын болжаў мүмкин болар?...»

Нәтийже Мақсет күткенинен де артық болды.

— Лепешка, усындай елсиз, қараңғы жерлерде жалғыз өзиң жүриўге қорықпайсаң ба? Сениң де жүрегиң бар екен, я?

Мине, усы бир аўыз мақтаў сөз сыйқырлы гилт болып, Лепешканың кеўил қулпына дәл түсти.

— Уәй-й-й мен ҳеш нәрседен қорыкпайман. Ийт үрип, шағал шуўлағанда да өткенмен бул жолдан. Расын айтқанда бул жолды жақында таптық. Тапқан мен емеспен. Бизлердиң шефимиз бар, сол тапты. Тапқан жайын бир көрсең еди! Таң қаласаң. Алдыңа қара, ҳуў, әне, қарайып турған төбени көрдиң бе? Ол әпиўайы төбе емес. Бул жерде дым ертеде үлкен қала болған екен. Жамбас қала, Гүлдирсин қала, Қой қырылған қала, Топырақ қала... Еситкенбисең соларды? Бул да соларға усайды. Ал, бул қаланың өзгешелиги, ең үстинде аман қалған бөлмелери бар. Тап адам отырса бола беретуғындай. Шеф ол жердеги бир бөлмеге анаўмынаў нәрселерди апарып қойыпты. Отырса болады. Хи-хи-хи, күлкиң келеди-әй, шеф сол ийесиз бөлмени «кабинет» деп сөйлейди. «Үш бойдақтың кабинети»! Шынында «кабинет» ин көрсең егер, ийт байласаң турмайды-аў. Бирақ сол да керек-дә!

— Шефиңниң жасы да сен қатары бар шығар?

— Я-яқ, ол үлкен. Отызлардан өткен. Дым сөйлемейди. Сонлықтан мен ол ҳаққында ҳештеңе билмеймен. Мен ушын ол тек Бүркит. Аты ма, лақабыма, ол жағын анық билмеймен. Бүркит пенен мени таныстырған бала бағанағы сениң қасыңа барған жорам. Жаббарберген, шын аты. Биз Жорка деймиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ақ кепка ма?

— Аўа. Өзи дым төбелескиш. Ҳеш кимнен қалмайды. Айтпақшы, кеше сениң менен жағаласып қалғанымды оған айтып едим, сен ҳаққында «ол саған самбо приемларынан қолланыпты, оны спорт мектебинен изле» деди. Дәл айтқан екен, я? Өзи де бир ўақлары самбоға қатнасқан екен.

— Бағана мени қалай таныды екен?

— Кеше сени көрген. Милициядан қутылып кеткениңди соннан еситтим-дә.

«Шарбақтың панасында отырған көлеңке!» Мақсеттиң есине Рахман ағасының усы сөзлери түсти.

— Тағы ол бүгин мениң менен мектепке де барған еди.

— «Еки дана сигарета!»

— Соң екеўиң «Ява» да қайттыңыз,—деп Мақсет күлди.—Солай ма?

— Яқ. Екинши барғанымда Бүркиттиң «Ява»сында қайттым.

— Сизлер зор екенсизлер,—деди Мақсет тағы марапатты жетирип.—Қызық, бәри жойбарлы...

Алдында дипломатты көтерип баратырған Лепешка тоқтап, Мақсетке усыныс етти:

— Сен де бизге қосыл! Билесең бе?,—деп Лепешка бас бармағын шошайтты:—Во жасайсаң!

— Көремиз.

Мақсет мыйығында күлип, ишинен «Бунын өзи қалай-әй, аўыш па?» деп қойды. Бирақ Лепешка Мақсеттиң мысқыллы күлкисин де кеўлинен өткен сөзин де сезген жоқ. Тағы алға қарай жүрип кетти.

* * *

Қаланың төбесиндеги бөлмелер «Лепешка»ның айтқанынан да әбигер ҳәм әбеший еди. Тарлығын айтасаң ба, патаслығын ба? Тек сүлдери бар. Төбеси гүмбезге усатып, ағашсыз бастырылған. Дийўаллары жарық, шурқ тесик. Бирақ, деген менен адамның қолы тийгени мәлим болып тур. Кимдур көримсиз болса да, айна-қапы орнатқан. Гөне, әбден тозыўы жеткен жыйналмалы кәт, шыйқылдап турған пәскелтек бир стол, жерде түр-түси белгисиз алаша шубатылып жатыр.

Мақсет пенен Лепешканың дәслепки кирген бөлмесиниң бар «байлығы» мине усылардан ибарат еди.

— Гөрдей қараңғы бул жайында тура беремиз бе?—деди Мақсет төрде бир нәрселерди гүймеңленип излеп атырған Лепешкаға.—Тезирек қайтайық.

— Асықпа. Ҳәзир Жорка келеди. Соң қайтасаң-әм бола береди, жора.

— Әй, ол қашан келеди. Мен күтип отыра беремен бе? Ал,



www.ziyouz.com kutubxonasi

маған Жорканың кереги де жоқ. Үйдегилер тынышсызланып жатқан шығар?

— Илаж жоқ, жора, тапсырма солай. Ҳәзир шам да жаға алмайман. Күтемиз.

Бирақ олар еле сөзин түўеспей-ақ, Жорка деген бағанағы еңгезердей ақ кепкалы бадырақ көз аўданлап кирип келди. Ол кириўден Лепешкаға дәпинди:

— Дипломатты ашып көрдиң бе?

— Қаяқтан ашаман, гилти Бүркитте-ғой?

— Ҳе-е-е.

Жорка жердеги алашаға отыра кетти.

— Шаршадым-әй. Айтпақшы, излеринде қуйрық жоқ. Бүркитке сигнал беребер. Мә, фонарикти ал.

Лепешка фонарикти алып, айнаның алдына өтти. Фонарикти бир неше мәрте жағып-өширди де, Жоркаға узатты.

— Онда шамды жаға берейин бе?

— Жаға бер. Панаға қой.

Шамның жақтысы бөлмени әдеўир жақтыландырып жиберди. Сонда Мақсеттиң нәзери бөлмениң төриндеги екинши қапыға түсти. Бирақ ол жабық тур еди. Көптен бери ашылмаған да көринеди.

Мақсет еле қапыдан кирген жерде тик тур еди. Жорка оған да дәпинди:

— Сен не, арнаўлы мирәт күтип турсаң ба? Отыр дә өтип.

— Мен кетпекшимен,—деди Мақсет Жорканың көзине тик қарап.

— Маған шақшырая берме?! Кетесең. Бүркит келсин, өзим қаранды батыраман. Мен саған кеўли бос Лепешка емеспен. Билдиң бе?

— Билдик,—деп Мақсет те терис сөйледи.—Мен де сениң табақтай бетине үңилип отырыў ушын келгеним жоқ. Лепешка!—Ол енди еле айнаның алдында турған Лепесбайға гижинди.—Ўәдең қәне? Дипломатты бер, мен кетемен!

— Әй, мынаў ям-манға кетип турғой, я?—Усылай деп Жорка орнынан атып турды. Мақсет те қарсы ҳүжимге қолайласты. Егер олардың арасына Лепесбай жуўырып келип кеселеп турып алмағанда, бул екеўиниң жағаласып кететуғыны анық еди.

— Жорка, болды! Қой, Мақсет! Саған айтқан дипломат бар. Бүркитте, ҳәзир аласаң. Қәлесең, өзим сени шығарып, узатып келемен.

—Кереги жоқ. Өзим кете аламан!

— Сәл сабыр ет, жора.

Усының менен тартыс питти дегендей, арада басқа сөз болмады. Жорка алашаға қайтадан қыйсая түсти, Лепесбай тағы айнаның алдына өтти. Мақсет те пәсине қайтты, бирақ отырмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Буркитти көп күтиўге туўра келди.

Бөлмениң ишинде болса еле суў қуйғандай, тым-тырыслық даўам етпекте еди. Ҳеш ким тис жарып, жақ жарыстырмады.

...Гүрилди!

Мақсет арадан қанша ўақыт өткенин билмесе де. Буркиттиң мотоциклиниң сестин басқалардан бурын еситти. Ҳәне бул гүрилди сол «Ява» ники екинин де анық айғарды: Ал, кем-кем гүрилди жақынлаған гезде Жорка да, Лепесбай да орынларынан өрре турды.

— Келди!

Бүркит есиктен кирип келгенде, оның аўзынан арақтың қоланса ийиси «муңк» етеғалды. Үсти-басы, келбети Мақсеттиң тап кешеги көргениндей еди: тикирейген қара мурт, қопыраған қара шаш, көк көйлек, жинси шалбар «Монтана», аяғында крассовка! Дәл өзи!

Ол киргеннен-ақ Мақсетке бет бурды. Мақсеттиң көзинен тап кеўилдегисин оқып алатуғын адамдай, биразға шекем үнсиз тигилип турды.

Соң нәзерин Лепесбай менен Жоркаға аўдарды.

— Ну что?

— Ҳәзирше ҳеш гәп.

— Дипломат?

— Мине,—деп Лепесбай дипломатты пәскелтек столдың үстине кесе-көлденең қойды.

Буркит кисесинен кишкене ғана гилтти шығарып, сәл енкейип турған бойы дипломатты ашты. Дипломатқа Мақсет те көз қыйығын таслады. Ишиндеги видеомагнитофонды, оның үстинде ўўмажланып атырған бир уўыс пулды көрип, ҳүрейи ушты. «Рахман ағалар буны усы турысында қалай берип жиберди екен?».

— Браво!—деп қойды Бүркит дипломатты қайта жаўып атырып. Соң Лепесбайға буйырды.—Бар, «Ява»ның рулинде шылт жаңа дипломат тур. Әкелип, анаў балаға бер. Пусть алсын ҳәм билип қойсын, что мы не обещалники!

Лепесбай жуўырып сыртқа шығып кетти. Бүркит тағы Мақсетке қарап сөйледи:

— Бул жер ҳаққында тисиңнен шығармайсаң. Жалпақ тил менен айтқанда, держи язык за зубами! А то, жердиң түбинде болсаң да, найду тебя. Ҳәзир дипломатыңды ал-дә марш на четыре стороны!

Тап усы гезде сыртта мотоциклдиң «гүрс» етип, жығылғаны еситилди.

— Аҳ, дурак!—деди Бүркиттиң ашыўы келип. Сон тағы аўызға алып болмайтуғын сөз бенен қатты бир сөгинди де, Жоркаға дәпинди.—Бензини ағып қалмасын, бар көтерисип жибер!

Жорка қапыны ашыўы қалай болса, сондай тезлик пенен қайта жапты. Оның бет-әлпети демде қорқынышлы түске енген еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi



— Қуйрық!

Усы бир ауыз сөз. Бүркитке тоқ урғандай тәсир етти. Ол көзди ашып-жумғанша дипломатты қолтығына қысып, бөлмениң төриндеги қапының алдында пайда болды. Ол ишкери кирип баратырып, Жорқаға ақырғы буйрығын берип кетти:

— Иркип тур! Любой ценой!

Жорқа оның сөзин еки қылмады. Дәрҳал қапыны көкиреги менен қатты ийтерип, нағыз тири тәмби болып турып алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бүркит тағы қашып кетеме?

Усы ой аңы ушып қалған Мақсетти дәрҳал есине келтирди. Ол күтә шаққан бир ҳәрекет пенен қапының алдындағы «тири тәмби» ни бөлмениң ортасына шалқасынан түсирди! Жорка жан қәлпинде Мақсетке жабыспақшы болып умтылған ўақта күшли қоллар оны қайтадан еңсесинен жерге басып түсти.

Мақсет қуўанғанынан бақырып жиберди:

— Рахман аға!

Рахман Ҳәкимов иркилген жоқ.

— Мотоциклде келген қәне?

— Апаў жаққа, ишке кирип кетти! Дипломат та сонда!

Ҳәкимов өзи менен бирге келген Аллаяров пенен Алымовқа буйрық етти:

— Аллаяров! Мына екеўиниң қасында қаласаң. Рация арқалы машина шақыр! Алымов! Мениң менен бирге, кеттик!

Бирақ, ишки қапыны ашыў аңсат болмады.

— Бир шетирек турың,—деди Ҳәкимов сонда. Соң жуўырып келип, оң ийини менен қапыға урылды. Күшли соққыдан қапы қулп-пулбы менен қопарылып кетти. Ҳәкимов та өзин ирке алмай, қапыға қосылып, узынына жығылып түсти.

Ишкери тастай қараңғы еди. Алымовтың қолындағы фонариктиң өткир жақтысы бөлмениң ишин демде көзден өткерип шықты. Бирақ ҳеш ким жоқ еди.

Бөлмениң айнасы сынып, бир жақ решеткасы қопарылып түсипти. Демек...

Алымов! Шық та пәске жуўыр:

Ал, Ҳәкимовтың өзи ҳәзир ғана жығылған жерине қайта отырып, тақыр жерди сыйпалай баслады.

— Мақсет! Аллаяровтан фонарикти әкел!

Мақсет демде келди.

— Ҳәзир ғана басқандай болып едим,—деп Ҳәкимов сөйленип атыр.

— Тахта ма, темир ме? Әйтеўир қатты жер емес еди... А-а-а, мине!

Ол бүкшийип, еки қолын алдына тиреп, ақырын орнынан тура баслады. Жоқ, ол қолларын тиреп емес, ал аўыр бир нәрсени орнынан қозғатыўға барынша ҳәрекет етип атыр екен! Бул нәрсе қәдимги қара қазанның қақпағынан әдеўир үлкенирек, аныңырағы, арбаның дигиршегиндей келетуғын, дөңгелек темир, қақпақ еди. Ениниң қалыңлығы да төрт бармақ келеди.

— Темир қақпақты бир шетке ысырғаннан соң, Ҳәкимов аўзы арандай ашылып турған шуқырға қарап, ҳайран болды.

— Бул не, қәдимги зиндан ба? Мақсет, фонарикти ишине тут! қәне?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Фонариктиң жақтысында шуқырдың ултанында бир жуп аяқ кийимниң изи тайға таңба басылғандай анық көринип турды.

— Ол усы жаққа қашыпты!

Ҳәкимов шуқырға секирип түсти. Шуқырдың тереңлиги Ҳәкимовтың бойы менен барабар еди. Бирақ ол орнынан тиклене алмады. Қапталдан, оң жақ шекесинен тийген күшли соққыдан тентиреклеп кетти. Ал, жамбасынан тийген екинши соққы оны жерге жықты.

Мақсет бәрин жоқарыда көрип тур еди. Ол жан-пәрманы менен бақырып жиберди:

— Рахман аға!

Мақсет сол бақырыўы менен шуқырға секирди.

Бирақ Бүркит қашып үлгерген еди.

* * *

Ҳәкимов ҳеш нәрсе болмағандай орнынан атып турды. Оның даўысы еле де өктем еди:

— Қаяққа қарап кетти?

—Мына жаққа карай!

Бул шуқыр әпиўайы урағa мегзес емес еди. Дәслебинде ол қалай болған? Ол жағы белгисиз. Ҳәзир Мақсет пенен Ҳәкимовтың көз алдында тек узын-шубай жер асты жолы созылып жатыр еди.

— Кеттик!

Екеўи фонариктиң жақтысында жер асты жолы менен жүўыра жөнелди.

Жер асты қаяққа шығады? Бул ҳаққында Ҳәкимов та, Мақсет те ойлаған жоқ. Олардың ойын дипломат пенен кеткен мотоциклли муртлаш бийлеп алған еди.

Деген менен, Мақсеттиң қызығыўшылығы басым келип, Ҳәкимовтан:

— Рахман аға, мени қалай таптыңыз?—деп сорады ентигип киятырып.

— Жүдә әпиўайы жол менен! Кешеден берли сен көтерип жүрген дипломаттың ишине микропередатчик орналастырылған еди. Көлеми шырпы қутысындай, келетуғын, радиохабар бериўши сондай әжайып аппарат бар. Соны қойып жиберсе, сен қаяққа барсаң да датчик хабар берип барады. Болғаны сол. Алымов ағаңның иси ол.

— Зор екен-ә!

Мақсет Алымов ағасын зор дедиме ямаса датчикти зор деди ме, Ҳәкимов ажыратпады. Өйткени, оның бар дыққаты бул гезде басқа бир сеске аўған еди. Сес қаяқтан шықты?

Ҳәкимов қәдемин пәсеңлетти. Мақсет те.

— Биреў сөйлегенде, болды ма?

— Я?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийрек-ийрек созылған жер асты жолдың аяғында биреўдиң қәҳәрли ҳаўазы еситилди.

— Тоқта!

Мақсет пенен Рахман ағасы алға жуўырды.

Айланбадан өткен жерде, жер асты жолы жап-жақты еди. Буларға туўры қаратылған жақты екеўиниң де көзин қамастырып жиберди. Сонда да Ҳәкимов дәл ортада сасқалақлап қалған мотоциклши муртлашты анық көрди.

— Тоқта!—деди Ҳәкимов та.

— Мине, қошшым, Сениң сапарың да шегине жетти!

Бул—Мамановтың ҳаўазы еди!

Мақсет қатты қуўанып кетти. Жынаятшы қолға түсти! Ал, Маманов болса сөзин даўам етти:

— Өткен сапары тап усы жол менен мениң қолымнан шығып кетип едиң. Әттең, онда мен де бул жер асты жолын билмейтуғын един-дә. Бирақ, сениң тағы усы жолды таңлағаныңа ҳайранман. Яки милициядағылар қол қаўсырып отыра береди дедиң бе? Я-ақ, бала! Отырмаймыз. Сизлерди де ойнатып қоймаймыз. Билип қой! Ал, бурынлары сени Пират дести, Фантомас дести. Енди сени ким дейик?

Бүркит пе? Бул атқа ылайықпысаң? Яқ, сен—байыўлысаң! Тек түнде, гөне тамда қуўыс-қолтықта жемтик излейтуғын байыўлысаң!

Лейтенант Ҳәкимов! Жынаятшы Жалғасовты қолға алың!

— Әжеп болады!

Ҳәкимов алға жүрди. Оған Мақсет те ерди...

* * *

Ярым саатлардан соң ҳәммеси жәм болып, милицияның арнаўлы машинасында қалаға кирип келди.

Бул ўақта қаланы таң шуғласы жақтырта баслаған еди.

Ал, тағы бир ярым саатлардан кейин, мектептиң мийўели бағында, тәнепис ўақтында Мақсет өзиниң ажыралмас дослары Нұртаза менен Садыққа усы еки күн ишинде басынан кеширген ўақыялары ҳаққында толып-тасып гүрриң етип бермекте еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ахмед Ақназаров

ДИПЛОМАТТАҒЫ ҚУПЫЯ

(повесть)

Қарақалпақ тилинде

«Қарақалпақстан» баспасы

Нөкис—1997

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы *Ж. Қосназаров*
Художниги *К. Рейипназаров*
Худ. редакторы *И. Қыдыров*
Тех. редакторы *К. Бекниязов*
Корректоры *Т. Сейданова*

ИБ 1953

Териўге берилген ўақты 5. 03. 97 ж. Басыўға руқсат етилген ўақты. 15. 04. 97 ж. Қағаз форматы 60x84 1/16. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми. 2,25 б/т. 2,09 Шәртли б/т. 2,32. Есап б/т Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа №154 Баҳасы. 18 с. 80 т.

«Қарақалпақстан» баспасы, 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.

ҚР Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.

www.ziyouz.com kutubxonasi